# ӘЖИНИЯЗ ШАЙЫР ӘЎЛАДЛАРЫНЫҢ ХРОНОЛОГИЯЛЫҚ ШЕЖИРЕСИНИҢ ДҮЗИЛИЎИ

**М.М.Есебаев –** *филология илимлери бойынша философия докторы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** фольклористик, тарихий-этнографик, адабий-лингивистика, хронологик, насабнома (шежире), тюрколог.
**Ключевые слова:** фольклористика, историко-этнографический, литературно-лингвистический, хронологический, семейная генограмма (шежире), тюрколог.
**Key words:** folkloristic, historical-ethnographic, literary-linguistic, chronological, family genogram (Shejire), turcologist.

Өткен XX әсир 1930-жылларынан баслап Қарақалпақстан аймағында тарийхый - этнографиялық, фольклорлық, әдебий -лингивистикалық илимий изертлеў жумыслары басланды. Бул мәселе бойынша биринши баслама 1932-жылдан баслап Россия Илимлер Академиясының Шығыстаныў институтының алымлары менен басланады. Сол жылдың өзинде орыс тюрколг ҳәм тарийхшы илимпазларынан: В.И.Вертегов, П.П.Иванов, С.Е.Малов, А.А.Воровков, А.А.Генеденко ҳәм басқалар қарақалпақ жерине келип комплексли илимий изертлеў жумысларын алып барады [1:12].

Соның ишинде қарақалпақ классик шайырларының дөретиўшилигин үйрениў ҳәм соның менен бирге Әжинияздың өмири ҳәм дөретиўшилигин изертлеў бойынша Н.А.Баскаков, профессор А.А.Соколов ҳәм жергиликли илимпазлар Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов, С.Мәўленов, Ш.Хожаниязов, И.Сағытов, А.Каримов, Б.Исмайлов, С.Абдуллаев, Ҳ.Ҳәмодовлар Әжинияз дөретиўшилигиниң дәслепки изертлеўшилери болды. Кейинги дәўирлерде көбирек шуғылланған илимпазлар А.Пирназаров, Қ.Байныязов, А.Муртазаев, Б.Қәлимбетов, К.Мәмбетов, Ө.Әлеўов, Ә.Пахратдинов, Ж.Базарбаев, К.Алламбергенов, Қ.Жәримбетов, Б.Генжемуратовлар ҳәр түрли әспектте, ҳәр түрли көзқарастан бүгинги күнге шекем үйренилип келмекте.

Әжинияздың ата-бабасы, туўған туўысқанлары ҳаққында Н.Дәўқараев, Қ.Байниязов, Ә.Пахратдинов, Ө.Әлеўовлар айтқан илимий мийнетлери бар. Бул бойынша тийкарынан арнаўлы илимий изленислер алып барған илимпаз Қ.Байныязов болады. Соның ушын көбирек Қ.Байниязовтың мийнетлерине жүгинемиз.

Әжинияз шайырдың әўладларынан, оның жақын ағайин-туўысқанларынан сорастырыў арқалы биз Қосыбайдың әкеси Балтабек, оның әкеси Ақжигит өз дәўириниң батыр адамлары болғанлығы мәлим. Анасы Нәзийра күтә хошүрей, сөзге шешен, дилўар ҳаялларының бири болған. Анасы дәстанларды жақсы билген, әсиресе жуўап айтыста алдына адам салмайтуғын тақыўа адам болғанлығы айтылады. Әкеси Қосыбай шайырлық, мергенлик ҳәм батырлық кәсейтлери жәмленген, - деп көрсетеди [2:32].

Сондай ақ, Н.Дәўқараев өзиниң мийнетинде Әжинияз шайырды көрген адамлардың пикирин билдирип: Олардың бири, урыўы кәндекли Яҳия молла, урыўы терстамғалы Қутлымурат беглер беги ҳәм басқалардың айтыўына қарағанда Әжинияз ат жақлы, узын бойлы, сулыў, сазенде, хош ҳаўаз адам болған. Атақлы «Боз атаў» поэмасының намасын Әжинияздың өзи шығарыпты-мыш деген де сөзлер бар [3:72].

Филология илимлериниң докторы Қ.Байниязовтың өзиниң Қосықтың күши деген мийнетинде былай көрсетеди: «Биз илимий командировка дәўиринде шайырдың ақлығы Убайда апа Нийетулла шаўлықлары Сабырбай Тәжибаев, Карл Мақсудов, Қуўандық Дәстанов ҳәм басқалар менен бир неше мәртебе ушырастық. Олардың шайыр бабасы Әжинияз ҳаққында еске түсириўлерин ҳәм сүўретлерин баспа сөзде дағазаладық жәнe Нөкис телеведениесинде көрсеттик» [2:39] - деп жазады.

Сондай ақ , усы авторлықта «Жас Ленинши», 1969-жыл, 15-августтағы шыққан мақаласанда былай келтиреди. Мысалы, Кәраматдин Әмет улы Әжинияздың бабасы Балтабек бизиң бабамыз Қудияр менен қуда болған. Әжинияз Елмурат ахун менен туўысқан қыздан туўылған. Дайылы жейиенлик қатнасымыз усы ўақытқа шекем сақланып киятыр. Әжинияз шайыр өзиниң баласы Нийетуллаға Елмурат ахунның ақлығы Нәжимниң қызы Бийбайшаны алған. Оннан туўылғанлар Тәжибай ҳәм Убайда. Тәжибай урыс жылларында қайтыс болған. Убайда тири, ҳәзир Қоңырат қаласына жақын жерде балықшы аўылында жасайды. Әжинияздың үлкен баласы Нағметулладан Сейдулла, Қалийла деген еки ул ҳәм Әзиза деген бир қызы болған. Бирақ олардың ҳәммеси де бийперзент кеткен. Ал Ҳабийбулла деген баласынан Бектурсын деген бир ул бир қыз аты анықланбаған. Бектурсын ертерек дүньядан қайтқан. Ҳәбийбулланың қызы Ташаўыз жақларға турмысқа шыққан ҳәм көп жыллардан берли бийхабар кеткен. Әжинияздың кишкене баласы Нийетулладан бир ул бир қыз болған, улының аты Тәжибай, Тәжибайдан Шайда, Үмитхан, Сабырбай деген баллар туўылады - [5] – деп көрсетеди. Қ.Байниязовтың бул көрсеткенлери дурыс Нағметулланың баллары Сейдулла, Қалила ҳәм Әзиза деген уллары ҳәм қызы болған, ҳәммеси бийперзент кеткен дийди. Ҳәбийбулланың қызы Ташаўыз жақларға турмысқа шыққан ҳәм көп жыллардан берли бийхабар кеткен булда дурыс.

Биз жақында илимий сапар менен Шоманай районы «Сарманбай көл»аўыл пухаралар жыйынына бардық, Әжинияздың иниси Мәмбетнияздан туўылған Ещанов Зийнатдин аға менен сәўбетлескенимизде Қ.Байниязовтың пикирлерин толық тастыйықлады. Бирақ Ҳабийбулланың қызының атын Зубайхан деп шежиреге киргизди. Бирақ булар да бул қыз ҳаққында ҳеш мағлыўматқа ийе емес.

Қ.Байниязовтың «Советская Каракалпакия» 1975-год, 16-августағы санында «Потомки Ажинияза» деген мақала шыққан. Бул мақалада былай деп жазады: «По заданию юбилейного комитета я с родственниками Ажинияза, с 75-летним Турдымуратом Ембергеновым, Турсынбаем Мадеминовым и Куандыком Достановым, правнуками велекого шаира, - деп даўам еттирип, «некоторые внуки и правнуки Ажинияза Максудов Карл Махсудуллаевич в настоящее время работает старшим редактором издательства «Каракалпакстан». Его отец – Махсудулла Якупов, известный журналист. Он был правнуком Ажинияза, внуком его дочери Хурзады – Ажинияз қызы. Внук Ажинияза Тажибай Нетуллаев был ветераном колхозного двежения в Каракалпакской АССР и возглавлял колхоза «Аузбирлик» и имене Ворошилова Кунградского района» [6] - деп көрсетеди. Биз буны бийкарламаймыз, бул изертлеўлерге ҳәзир 50 жылдың майданы болған. Жоқарыда көрсетилген мақалалар менен танысып шықтық бунда әўладлары ҳаққындағы мағлыўматлар бериледи. Бул мағлыўматларда ақлықлары ҳаққында да айтады бирақ қуўлықлары ҳаққындағы мағлыўматлары толық емес. Себеби бул мақалалардың жазылғанына да ярым әсир болды, олар өнип өсип кетти. Соның ушын Қ.Байниязов булардың бәрин бир жерге жәмлей алмаған. Илимпазды түсиниўге болады ол ўақытлары техника раўажланбаған, магнит лентасына жазып алған. Суўретши жоқ, оны да жаллаў керек болған ҳәм жол көлик пенен барған. Соның ушын усы күнге шекем хронологиялық кестеси исленбей созылып келген. Бул ислер бүгиннен қалып кетсе, бул истиң изи өшери сөзсиз.

Биз жақында 2024-жылы 12- сентиябрь күни илимий сапар менен Әжинияз бабамыздың әўладларын излеп Шоманай, Қанлы көл, Қоңырат районларында болдық.

Шоманай районы «Сарманбай көл» ауыл пухаралыр жыйыны, бурынғы А.Муўсаев совхозы, Ашамайлы көшеси №1 жайда Ещанов Зинатдин Орақбай улы, Әжинияз бенен туўысқан Мәмбетнияздың қуўлық баласы 1948-жылы туўылған ҳәзир 76 жасында. Әжинияз бабамыздың ҳәзирги әўладларының ишиндеги жасы үлкени екен.

Биз Зийнатдин аға менен өткен ата-бабалары ҳаққында көп сөйлестик ҳәм Зийнатдин аға ға Әжинияз бабамыздан оның менен туўысқан болған бабалырының нан өрбиген әўладларының хронологиялық шежиресин ислейик аға деп илтимас еттим. Зийнатдин аға менен келисип бир күнди белгиледик ҳәм ҳәмме районлардағы ағайинлерине баратуғын болдық, оларға хабар бериўин ҳәм үйлеринде болсын деп илтимыс еттик. Төрт күннен кейин келетуғын болдым. Ўәде бойынша 4 күннен кейин Нөкистен азанғы саат 6 да шықтық биз жумысымызды Шоманайдағы туўысқанларынан басладық, Қанлы көл ҳәм Қоныраt районларынадағы ҳәмме туўысқанларын фото ҳәм видиоға алып бир күнде жети жерге кирип шығып жумысымызды жуўмақлап қайттық. Уысы күни Зийнатдин ағаның иниси Сражатдин аға Әжинияз бабамыздың әўладларының хоронологиялық шежиресинде сызып жазып болған екен, биз өз минетдаршылығымызды билдирип Нөкиске алып қайттық. Төмендеги шежире кестеси сол тийкарда жазылды, таныт ырамыз.

1. Әжинияз, Әжинияздан Нағметулла, Нетулла, Ҳабийбулла, Ҳүрзада үш ул бир қыз туўылады.

2. Әжинияздың улкен баласы Нағметулла, Нағметулладан Сейдулла, Қалийла, Әзиза туўылады. Булар бийперзент болады. Әзиза Түркменстанның Ташаўыз жерине турмысқа шығады оннан хабар болмайды.

3. Әжинияздың екинши баласы Ниетулла, Ниетулладан Тәжибай, Убайда бир ул бир қыз туўылады. а) Тәжибай ақлық бала, Тәжибайдан, Шайда, Үмитхан, Сабырбай туўылады. б) Тәжибайдың улкен қызы Шайда шаўлық қызы болады. Шайдадан Рысбийке, Жақсыбийке, Мурат деген бала туўылады булар қуўлықлар в) Тәжибайдың екинши қызы Үмитхан шаўлық қыз. Үмитханнан Оралбай, Зийна туўылады, қуўлықлар г) Тәжибайдың еки қыздан кейинги баласы Сабырбай бул шаўлық бала. Сабырбайдан Теңелбай, Оразхан, Жумабийке, Гүлбаҳар, Көмекбай, Кеўлимжай, Қоңыратбай, Хожабай, Наргиза, Насиба деген қуўлықлар туўылады. д) Шайданың қызы Рысбийке қуўлық қыз. Рысбийкеден Батырбай, Төрежан, Қуўатбай, Муратбай, Сәтбай, Оңғарбайлар туўылады, булар баўлық. е) Шайданың екинши қызы Жақсыбийке қуўлық қыз. Жақсыбийкеден Жеңис, Нөкисбай, Батырбай, Ықласбай, Азамат, Жумабийке, Базарханлар туўылады, булар баўлықлар. ж) Шайданың еки қыздан кейинги баласы Мурат қуўлық бала. Мураттан, Расул Райханлар туўылады, булар баўлықлар. Бунның даўамы бар, булардан өнип өскен тоқлық, жатлық баллары да бар.

4. Ниетулланың Тәжибай деген баласынан кейин, Убайда деген бирқыз болады. Жоқарыда Тәжибай ҳаққында айттық. а) Убайдадан, Турсынбай, Кар аматдин Карима Гулипа деген еки ул, еки қыз туўылады. Булар шаўлықлар. б) Убайданың биринши баласы.Турсынбай шаўлық бала. Турсынбайдан, Сабатдин, Дәрьябай, Полат, Гүләсен, Гүлжәҳән, Гүлчехра, Гүлжәмийла деген баллар қызлар туўылады. Булар қуўлық баллар. в) Убайданың екинши баласы Караматдин, Караматдиннен баллар жоқ, ертерек қайтыс болған. г) Убайданың еки улдан кейинги қызы Карима. Каримадан Жолдас деген бир бала болған. д) Убайданың төртиншиси Гүлипа деген қыз болады. Гүлипадан, Өтебай, Төребай, Қалбай, Мурат деген баллар туўылады. Булар шаўлық баллар. е) Гүлипаның биринши биласы, Өтебай. Өтебайдан Баҳадыр, Баҳрам, Айша, Қатша деген еки бала еки қыз болады. Булар қуўлық баллар. ж) Гүлипаның екинши баласы Төребай. Төребайдан, Қалбай деген бир бала болады. з) Гүлипаның үшинши баласы Қалбай. Қалбайдан Батыр деген бир бала туўылады. к) Гүлипаның төртинши баласы Мурат. Мураттан Мақсет, Нигара, Улығбек деген баллар болады. Булар қуўлық баллар.

5. Әжинияздың үшинши баласы Ҳабийбулла. Ҳабийбулланың Бектурсын деген баласы болады. Бул бала ертерек дүньядан өткен. Бир қызы болған аты Әзиза. Бул қыз Ташаўыз жақларға турмысқа шыққан ҳәм көп жыллардан берли бийхабар кеткен.

6. Әжинияздың үш баласынан кейинги Ҳүрзада деген қызы болады. Ҳүрзададан Бекнияз туўылады, бир бала. Бекнияздан Иса, Дәстан, Мафруза, Яқып деген баллар туўылады, шаўлық баллар. а) Бекнияздың биринши баласы Иса. Исадан бала жоқ дүньядан ертерек кеткен. б) Бекнияздың екинши баласы Дәстан. Дәстаннан Қуўандық, Улбоған деген бир ул бир қыз болған, булар қуўлықлыр. Қуўандық пенен Улбоғаннан өнип өскен баллар ҳаққында мағлыўмат жоқ. в) Бекнияздың үшинши перзенти Мыфруза деген қыз болған, бул да дүньядан ертерек кеткен. г) Бекнияздың қыздан кейинги төртинши баласы Яқып қуўлық бала. Яқыптан, Рәўшан, Махсудулла деген бир қыз, бир ул туўылады булар баўлық баллар. д) Яқыптың қызы Рәўшан. Рәўшаннан, Жумабай, Дәўлетбай баўлық баллар. е) Яқыптың баласы Махсудлла. Мақсулладан Карл, Мәрьям бир ул бир қыз туўылады. Булар тоқлық баллар. ж) Махсудлланың баласы Карл. Карлдан, Бахтияр, Мурат, Парахат, Тамара, Марат, Замира деген баллар қызлар туўылады. з) Махсудлланың қызы Марьямнан, Роза, Зинатддин, Феруза, Гүлзабира, Зухра, Қайратддин, Зияуаддинлер туўылады. Булар жатлық балларға киреди.

Бул хронологиялық кестеде ҳәмме урпақлары ҳаққында толық мағлыўмат бар. Кесте бар сыздық бул форматқа жайғастыра алмадық. Соның ушын избе-из жазыўға ҳәрекет еттик.

Әжинияз бенен туўысқан болған Мәмбетинияз, Шанияздын әўладларын киргизип үлгермедик. Бул мағлыўматлар бир мақалаға жайғаспайтуғын болды. Соның ушын бул материалларды толығырақ жарытып бериў ушын китап таярлап атырмыз, сол китабымызда фото сүўретлери менен толықтырып беремиз.

Бүгинги күнде Әжинияз бабамыздың қуўлық қызлыры, қуўлық баллары Шоманай районы орайында Жулдызлы көшеси №22 жайда, Шамшетова Рысбийке 1950-жылы туўылған, Шамшетова Жақсыбийке 1956-жылы туўылған, Жайхун көшеси №42 жайда турады, Шамшетов Муратбай 1973-жылы туўылған, Шоманай дийхан фермер хожалығында турады. Әжинияздың инис Мәмбетнияздан өнип өскен Ещанов Зийнатдин, Ещанов Сражатдин қуўлығы бурынғы Муўсаев, ҳәзирги «Сарманбай көл» аўыл пухаралар жыйыны орайында турады.

Қанлы көлде дәрбент жолдың бойында баратырғанда шеп жағасанда Қанлы көл пухаралыр жыйынында Қазақбаевлар Мурат Мақсет, Амангүл, Орынүл, Абатбай, Байрамгүл, Нурлымурат, Гулсаралар турады. Қоңырат районы Сүўенли аўыл пухаралар жыйынында Тәжибаев Теңелбай, Ўтемуратова Улбосын, Ўтемуратов Оралбайлар турады.

Қоңырат районы гөне қаласында Турсынбайдың баллары Дәрьябай, Полат, Сабит, Әжинияз, Рахат, Фурхат, Гүләсен, Гүлбаҳар, Гулхан, Гүлжәҳән, Гүлчехра, Гүлжәмийла деген урпақлары жасайды. Нөкис қаласында Махсудова Тамара Карловна 21киши район жайында 2 б. №35 үйде жасайды. Ўтемуратова Анар Нөкис қаласы Бозаўыл Алтын таң көшеси № 20 жайда жасайды.

Жуўмақлап айтқанда бүгинги күни Әжинияз бабамыздың әўладлары ҳаққындағы хронологиялық шежиреси керек еди. Себеби Президентимиздиң Әжинияз шайырдың 200 жыллығын белгилеў ҳаққындағы қарары шықты. Оның пунктлеринде көрсетилгениндей, шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилигин үйрениў арқалы кең жәмийетшиликке үгит нәсиятлаў, сол арқалы келешек әўладты мәдений, руўхый кәмилликке тәрбиялаўдағы орны ҳәм әҳмийетлигин түсиндириў бүгинги күнниң баслы мәселелериниң бири. Соның ушын бизиң мақаламыз да усы бүгинги күн тәртибиндеги мәселеге жуўап береди деп ойлаймыз.

**Әдебиятлар**


1. Пахрадинов Ә. Әжинияз шайырдың көркемлик дүньясы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2014. 12-б.
2. Байниязов Қ. Қосықтың күши. –Нөкис: 1977. 32-б.
3. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы 3-том. –Нөкис: 72-б.
4. / «Жас Ленинши», № 65 (4045) 1969-жыл, 15-август.
5. / «Советская Каракалпакия» 1975-год, 16-августа, № 164 (11410).



**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада Ажиниёз Қўсибай ўғли авлодларининг оилавий хронологик генограммаси тузилган. Ҳозирда улар Шуманай, Қонли-кўл, Қўнғирот ва Нукусда истиқомат килади ва манзиллари кўрсатилган.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье составлен хронологическая семейная генограмма потомков Ажинияза Косибай улы. Настоящее время, они проживают в Шуманае, Канлы-Куле, Кунграде и Нукусе и указаны адреса.

**SUMMARY.** A chronological genealogy of the descendants of Ajiniyaz Kosibay uli has been drawn in this article. Currently, it is determined that they live in the cities of Shumanay, Kanli-kol, Kungrat, Nukus and addresses are indicated.


## MIFOLOGIYALÍQ OBRAZLARDÍŃ IZERTLENIWI


**G.B.Kabilova –** *tayanısh doktorant*

*Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi*

*Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim-izertlew institutı*



**Tayanch so'zlar:** mif, mifologiya, folklor, obraz, ertak.

**Ключевые слова:** миф, мифология, фольклор, образ, сказка.

**Key words:** myth, mythology, folklore, image, fairy tale.


Mifologiyalıq obraz – bul kóbinese xalıq awızeki dóretpelerinde, ádebiyatta hám kórkem ónerde ushırasadı. Yaǵnıy miftiń syujeti tiykarında dórelgen kórkem obrazlar. Mifologiyalıq obraz áyyemgi grek ádebiyatında Gerakl, Prometey, Antey obrazları mısalında awızeki ádebiyat hám jazba ádebiyatta óz sáwleleniwin tawǵan. Insanlar turmısına dinniń kirip keliwi nátiyjesinde xristian, islam diniy kitaplarında mif diniy mazmun sáwlelendiredi [1:62]. Mifologiyalıq syujet hám obrazlar erte dáwirdegi áyyemgi insanlardıń oy-qıyallarınıń belgili bir tártipke salınǵan sisteması esaplanadı. Usınday tártipke salınǵan belgili bir sistema dáwirler ótip hár bir xalıqtıń awızeki dóretpeleriniń hám jazba ádebiyatınıń payda bolıp, rawajlanıwında úlken áhmiyetke iye bolǵan. E.M.Melitinskiydiń kórsetiwinshe, qanday da bir zattı onıń payda bolıwı menen baylanıstırıw, yaǵnıy zattıń jaratılısın túsindiriw, onıń qalay payda bolǵanın gúrriń etiw, aynalanı, qorshaǵan dúnyanı sıpatlaw miftiń tiykarǵı belgilerinen esaplanǵan [2:172]. Shınında da, bizge belgili miflerdiń tiykarǵı mazmunı tábiyattaǵı zatlardıń payda bolıwı (jaratılısı) ulıwma álemdi, dúnyanı sıpatlawlardan ibarat. Onıń ústine «miflik túsinik boyınsha zattıń mánisin uǵıw ushın onıń kelip shıǵıw tariyxın biliw kerek»bolǵan [3:67]. Sonıń ushın da adamlar tábiyattaǵı zatlardıń kelip shıǵıw tariyxı jóninde qıyalıy áńgimeler dóretken. Mifologiya boyınsha tereń izertlew jumısların alıp barǵan rus alımları bunday áńgimelerdegi mifologiyalıq kózqaraslardı úyreniw barısında bir qansha teoriyalıq izertlew jumısların alıp barǵan. Usınday alımlardan F.I.Buslaevtıń "Rus xalıq awızeki dóretpeleri hám kórkem óneri tariyxınan ocherkler"(1861), A.N.Afanasaevtıń "Slavyanlardıń tábiyat penen baylanıslı poetik kózqarasları"(1866-1869), V.N.Pipinniń "Rus xalıq ertekleri"(1865), A.N.Veselovskiydiń "Salıstırmalı mifologiya hám onıń metodı"(1873), E.M.Meletinskiydiń "Proisxojdeniye geroycheskogo eposa"(1963), "Poetika mifa"(1976) sıyaqlı miynetlerinde mifologiya ilimiy hám ámeliy tárepten jańa materiallar hám ilmiy juwmaqlar menen rawajlandırılǵan.

Miflerdi úyreniw dúnya júzi folklortanıwında baslı másele bolıp kelgen. Sol qatarı túrkiy xalıqlar folklortanıwında da áhmiyetli máselelerdiń biri esaplanadı. Túrkiy xalıqlardan ózbek folklortanıwında mifologiyalıq syujet hám obrazlardı úyreniw boyınsha bir qansha qunlı jumıslardı atap ótiwge boladı. Belgili ózbek folkloristi Ǵ.Akramovtıń "Ózbek xalıq dástanlarında mifologiya" dep atalǵan izertlew jumısında "Góruǵlı" dástanına baylanıslı ózbek xalıq dástanlarındaǵı mifologiyalıq obrazlar analizi mısalında izertlew jumısı alıp barǵan. Sonday-aq, alımnıń "Animatik mifologiya" (1977), "Ózbek xalıq dástanlarında mifologiya" (1980), "Manistik mifologiya" (1979), "Góruǵlı" quramında mifologik obrazlar" (1978), "Mifologiyanıń ayırım epik janrlar menen óz ara baylanısı" (1981), "Mif hám jazba ádebiyat baylanısına tiyisli" (1996) sıyaqlı miynetlerinde pikirler hám juwmaqlar ózbek folklorlıq shıǵarmalarınıń mifologiyadan azıqlanǵanı, onıń qanday da bir elementi sıpatında júzege kelgenin dálillep bergen. Folklorist alımlar M.Jóraev hám Z.Rasulovalardıń "Mif, marosim va ertak" (2014), M.Jóraev hám M.Narziqulovalardıń "Mif, folklor va adabiyot"(2006), M.Jóraev hám Sh.Shomusarovlardıń "Ózbek mifologiyasi va arab folklori" (2001), M.Rizaevanıń "Ózbek xalıq mifologik afsonalari " (2020), T.Mirzayev, Sh.Turdimov, M.Jóraev, J.Eshanqulov, A.Tilavov avtorlıǵındaǵı "Ózbek folklorı" (2020) miynetlerinde ózbek folklorındaǵı dástan, ertek, ápsana janrlarındaǵı miflik elementlerdiń shıǵarmadaǵı funkciyası, syujet birligi, poetikalıq ózgesheligi, erteklerde sanlar magiyası, ájayıp zatlar kórkemligi, ózbek mifologiyasıń rawajlanıwı, mifologik obrazlar analizi, mifologik ápsanalar genezisi, mif hám ápsana múnásibeti h.t.b máseleler sóz etilgen. Alımlar B.Sarimsaqov, T.Haydarov, T.Rahmonova, M.Jóraev, Sh.Turdimov, J.Eshanqulov, O.Qayumovlardıń jumıslarında mifologiyalıq obrazlardıń sisteması, genetik tiykarları, kórkem funkciyası boyınsha izertlewler alıp barılǵan.

Qaraqalpaq folklortanıwında birishi márte alım J.Xoshniyazov tárepinen mif boyınsha úlken tabıslı miynet jazıladı. Bul kólemli miynet "Mifler hám dástanlar: genezisi, specifikası, dáwirlik qatlamları" dep atalıp, alım kitaptıń birinshi bóliminde qaraqalpaq mifleriniń janrlıq sıpatlamalarına, tematikalıq túrlerine, mifler hám qaraqalpaq epikalıq janrlarına toqtaǵan bolsa, ekinshi bóliminde qaraqalpaq xalıq awızeki dóretpeleriniń epikalıq túrlerinde, ásirese dástanlarında mifologiyalıq syujet hám obrazlardıń sáwleleniwi hám dástanlardaǵı mifologiyalıq dáreklerdiń belgileri haqqında keń maǵlıwmat bergen [4]. J.Xoshniyazov búgingi kúnge shekem mif terminine berilgen anıqlamalardı analizley otırıp, mifke tek ǵana anıqlamalar berip sheklenip qalmastan onıń xalıq awızeki dóretpelerinde atqaratuǵın kórkemlik ózgesheliklerin, kompoziciyalıq qurılısın, ideyalıq baǵdarların úyreniwdi